dees na dagg loxo ci ñenteelu xaaju Diinaar jëm kaw

Jële nañu ci Aysatu ndayu jullit ñi yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: "dees na dagg loxo ci ñenteelu xaaju Diinaar jëm kaw".

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc leeral na ne sàcc bi dañuy dagg loxoom ci càccug ñenteelu xaaju Diinaaru wurus, ak lu ëpp loolu, ag xaymaam di yamoo ak 1.06 Garaam ci wurus.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/2964